ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№79 (23.737) ● 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрыр федеральнэ къэрал программэхэм зэрыхэтым зегъэубгъун хуейщ

КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ республикэм и Правительствэм и унафэщІхэм я зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІащ ди щІыналъэр федеральнэ къэрал программэхэм зэрыхэтым зегъэубгъунымрэ теухуа зэІущІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. ТІ. абы зэрыщыжиІамкІэ, КЪБР-р зыхэт къэрал программэ 17-м ящкІэ иткІэ сом мелард 18-рэ мелуан 800-рэ и уасэ лэжьыгъэхэр зэфІигъэкІынущ. Абыхэм хуабыдзэ Правительствэм зэгурыІуэныгъэ 37-рэ ярищыліащ зыхуэфащэ федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ. Блэкіа илъэсхэм ельытауэ а зэгурыІуэныгъэхэр процент 20-кІэ нэхъ псынщІэу ягъэзащІэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр 2019 гъэм тещІыхьа бюджет лэжьыгъэм хыхьащ. Республикэм и Премьер-министрым къызэрилъытэмкІэ, ди щІыналъэм зыхъумэжыныгъэм телажьэу щІэ промышленнэ предприятэхэр иджыри федеральнэ программэзу тхум хыхьэфынущ.

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуІащ экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ зеГъэужьыным пыщІауэ къэралым щекІуэкІ лэжьыгъэ зэпэщІыным ущыІуэ.

Иджыпсту щІыналъэм къыпэщыт Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ иджырей онкологие диспансерыр щІыныр, транспортым, коммунальнэ Іэнатіэм, нэгъэсащІэхэми я инфраструктурэм зегъэубгъуныр, фельдшер-акушер пунктхэр жылагъуэхэм къыщыщІэзыІуныр, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэ и Іуэхущапіэхэр, сабий поликлиникэхэр зыхуэныкъуэ транспортымрэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщыныр.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къызэрилъытэмкІэ, республикэм и сэфэн зыхэлъхэр федеральнэ Іэнатіэм щыпхырыгъэкІынымрэ зэхэпхьэжьыгъэкІынымрэ ахъшэмрэ къызэдгъэуІун папщІэ федеральнэ центрым зэрыдэлажьэр тэмэму убзыхун, проектхэр гъэхьэзырыныгъэ ахэр пхыигъэкІынымрэ къызэгъэпэщын хуейщ. Аэрщ щІыхуэхэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэныр къыззэпэщынур», - жиІащ щІыналъэм и унафэщІым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Щіалэгъуалэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

Си гуапэу сынывохъуэхъу гуфІэгъэ пІалъэмкІэ - Урысейм и Щіалэгъуалэм я махуэмкІэ.

ЩыныбжьыщІэмрэ щыщІалэмрэщ дэтхэнэ зы цІыхуми и ГъащІэм и нэхъ дахэгъуэ, гурыфІыгъуэ лъэхъэнэр. А зэманырщ псоми щытегушхуэр, Іуэхущіэхэр къыщыдахыр, хъуэпсапІэхэм зыщагэтыр, ГъащІэ гъэзгур къыщыхахыр. Къэралыр зэи хуэмыдэжу иджыпсту яхуэныкъуэщ тегушхуэныгъэрэ губзыГъагъэрэ зыхэлъхэм, Іуэху нэхъ гугъу дыдэхэр дэгъэкІыным щІэбэныну хьэзырхэм, къызэрымыкІуэ гупсыскІэ зиІэхэм, къьхьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ къызэтемыувыІуэ ялэкІэ кІуэтахэм, плъапІэщІэхэр къызэІуэпыхэм.

Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу сыт щыгъуи щытащ, дяпэкІи щытынущ щІалэгъуалэ политикэр. Іуэху нэхъыщхьэ дыдэр зи ныбжькІэ щІалэхэм я зэфІэкІыр яубзыхуныкмкІэ, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм - политикэм, экономикэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, спортым - зыкъыщагъэлъэГъуэныкмкІэ ядэІэпыкъуныщ.

Урысейм и лъэпкъ фІыгъуэхэр гъэбзэгъэныкмкІэ, абы и пщІэр гъэбыдэныкмкІэ ди щІалэгъуалэм я екъулІэныгъэхэр сэбэп зэрыхъунум шэч кьытесхьэркъым.

КІУЭКІУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ.

● КЪБР-м и Парламентым

ЕГОРОВЭ Татьянэ: «Курыт еджапІэм щывгъэкІуа илъэсхэр гукъинэж дахэ фхурехъу!»

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр хэтащ курыт еджапІэр къэзыух ныбжьыщІэхэм папщІэ республикэм и школхэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэІущІэхэм.

ПРОХЛАДНЭ къалэм дэт «Лицей №3»-курыт еджапІэр мы гъэм къэзыух цІыкІухэм ехъуэхъуну яхуеблагъат КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**.

- ЦІыхуи и ГъащІэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ зы Іыхьэ фэ нобэ къызывонэкІ - курыт еджапІэр кьывоух. Сигуми си псэми кьыбгъэдэкІыу сыныводохъуэхъу апхуэдэ гуфІэгъуэмкІэ, - жиІащ абы. - Илъэс 11-кІэ феджащ, зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэфІэвгъэкІащ. АдэкІэ фэ кьыфпоплъэ дэтхэнэ зыми езым кьыхихыжьыну и ГъуэгуанэР. Шэч кьытесхьэркъым фэ фащыщ куэдым зыкуеджэну ГъэлІагъэр кьыззэрыхахаи. Ауэ сыт хуэдэ ІэщІагъэ зэвгъэгъуэтми, сыхуейщ къыхэфхам фыхущІемыгъуэжу, фызыхущІэкъу ІыгаплІэхэм фалъэІэсу фыпсэуну. Зи зыщыбмыгъэгъупщэ фыщалъхуа щІыналъэр, фыкъыщыхъуа республикэр, къэралыр. Ди дежкІэ нэхъыфІт фи къэкІуэнрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым епхауэ къыщІэкІынэу, щІэныгъэ куу, ІэщІагъэ щхьэпэ зэвгъэгъуэтауэ къэвгъэззэкьыну. Сыту жыпІэмэ, фэ фІы дыдэу кьывгуроІуэ ди щІыналъэм и къэкІуэнымрэ и унафэмрэ мыгувэу фи ныбжь итхэм я пщэм къызэрыдэхуэнур. Сэ зыкьэжьу си фІэщ мэхъу абы хуэунэтІауэ фэ фхуэзэфІэкІ псори зэрывлажьынур.

Иджыри зэ сныводохъуэхъу узынщагъэ бьдэ фиІэну, фи мурадхэм фызэрыпэлъэщын зэфІэкІ кьыфкъуэкІыну, ГъащІэ дахэ фиІэну. Дэнэкіэ фыщымыІэми, курыт еджапІэм щывгъэкІуа илъэсхэр, фи еГъэджакІуэхэр, кьывдеджахэр гукъинэж дахэ фхурехъу. Гъуэгу махуэ! - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІыр адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ гуапэу ехъуэхъуащ, фІыщІи яхуищІащ кьыдэкІуэтей щІэблэр къэгъэхъуным, гъэсэным, егъэджакІуэ я гуащІэ емыблэжу зэрыхуэлажьэм папщІэ.

Прохладнэ къалэм дэт «Лицей №3» курыт еджапІэр къэзыух ныбжьыщІэхэм хъуэхъу псалъэкІэ захуигъэзащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къудзэ - КЪБР-м инфраструктурэмрэ цифровой Іэмэпсымэхэм зыщегъэужьыныкмкІэ и министр **Бэлэтокъуэ Владимир**. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр тыным еджакІуэхэр къызэримыГъэдэзыхам зэрыщыгуфыкІыр къыхигъэщри, Бэлэтокъуэр абыхэм ехъуэхъуащ адэкІи я гурыфІхэр зрагъэхъуІуэ балигъ ГъащІэм лъэ быдэкІэ хэувэну.

Апхуэдэу еджапІэр къызэрыхъэм ехъуэхъуащ Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Тараев Игорь**, «Лицей №3» курыт еджапІэм и унафэщІ **Никитин Андрей** сымэ, нэгъэсащІэхэри.

Курыт еджапІэр къызэрауэжкІэ щыхьэт тхьилъхэр - аттестатхэр - щратыжьми щытхъу пылъу школыр къэзыухэхэм ящыщу я щІэ кьраІуащ Гостевэ Анастасиие, Ищенко Елизаветэ, Ким Кристинэ, Петровэ Марие, Скульбедэ Дианэ, Дэш Иннэ, Тхьэзэплъ Сулътан, Щеглюк Ульянэ сымэ, нэгъэущхэми. Аттестатхэм ящІэныгъуу Егоровэ Татьянэ абыхэм яІэщІилъхьащ «Ерджэныгъэм къыщигъэнэгъуа зэфІэкІ пльагэхэм папщІэ» медалхэр. ГуфІэгъуэ зэхьихьэм апхуэдэу къыщыхагъэщащ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм, олимпиадэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм увыпІэ нэхъыщхьэ къыщыщІэзыхьа сабий куэд мы гъэм школыр къэзыух ныбжьыщІэхэм зэрахэтыр.

Егоровэ Татьянэ нэгъэущІэ зы Іуэхугъуэ гуапи зэфІигъэкІауэ а щыщхьэщхьэм: лицейм и унафэщІ Никитин Андрей егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэныи хуищІ гулъытэм папщІэ КЪБР-м и Парламентым и Щіыхь тхьилъ иритащ.

ЕджапІэр къэзыухэхэм, абыхэм я адэ-анэхэмэ, егъэджакІуэхэмэ, щхьэщІу къахуеблэгъэхэмэ гукъинэж щыІэныгъэ дахэ екІуу кьызэгъэпэщащэ, уэрэдэхмкІэ, кьафэхэмкІэ гъэнщІауэ щытащ. ХьэщІэхэм апхуэдэу ирагъэлъэгъуащ еджапІэр зэрыгъэшхуэ тхьидэ музейр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Бахъсэн къалэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Терроризмэм пэщІэтыныкмкІэ и комиссэм (АТК) и зэІущІэр.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, Бахъсэн къалэм и щІыпІэ адміни-страцэм и Іэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, район унафэщІхэр, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр, нэгъэущІэхэри.

- Мэкъуауэгъуэм и 19-м Москва къалэм щекІуэкІащ Терроризмэм пэщІэтыныкмкІэ комиссэм и зэІущІэ. Абы щеджэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым терроризмэм пэщІэтыныкмкІэ щекІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэми. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу абы кьыщыхэщащ экстремизм щІэпхъаджагъэм щыхуэхэр пэІэщІэ щІыныр республикэм кьызэрехъулІар, - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм. - Абы щыгъуэми, сызэреплъымкІэ, муниципалитет щІыналъэхэм терроризмэм пэщІэтыныкмкІэ я комиссэхэм я лэжьыгъэр нэхъри ирагъэфІэкІуэн хуейщ, дызэлэжьын ныкъусаныгъэ куэд иджыри диІэщи. Псалъэм папщІэ, 2018 гъэм накъыигъэм и 1 пщІондэ пщэрыльэ тщІауэ щытащ нэгъабэ едгъэкІуэкІа профилактикэ Іэмалхэмкіэ дызыІэпэмыІэсахэм дадэлэжьэну. Арщхьэкіэ а къалэныр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ ягъэзэщІакъым Налшык къалэм, Баксэн, Дзэлыкъуэ, Аруан, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ районхэм щылажьэ комиссэхэм. Апхуэдэуи республикэм и курыт школхэмрэ гъэсапІэхэмрэ терроризмэм зэрыщыхьумам арэзы укъищІыркъым. Мы Іуэхухэм тхуэмыгъэзэщІэн хэлъкъым, жэуаплиныгъэ тхэлъу ди лэжьыгъэм дыбгъэдыхьэмэ. Сыт хуейт абыхэм гупсысэ хэхэхуэфащІыну. ЗэрысщІэмкІэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу шынагъуэншагъэмкІэ паспортхэр ягъэхьэзырауэ зиІэр Аруан, Шэрэдж, Лэскэн щыналъэхэм я курыт еджапІэхэм я закъуэщ. Шэч хэмылъу, республикэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ терроризм, экстремизм гупсысэм ди щІыхухэр пэІэщІэ щІыным теухуауэ. Ауэ мы зи гугъу ещІы ныкъусаныгъэхэр зэрыдгъэкІуэдыным иужь дитыпхъащ, ди лэжьыгъэр адэкІэ тэмэму дубзыхуну дихуейм.

«Терроризмэм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и Іыхьэ 5.2-м къыщыдгъэлъэгъуар зэрагъэзащІэм щытепсэлъыхьым, **Мамхэгъ Хьэчим** зэІущІэм хэтхэр щыгуфІыкІуэ щІэныгъэм и Іуэхугъуэ 36-рэ щызэпкъраха зэІущІи 8 зэрырагъэкІуэкІар. Абыхэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ зэныбжьэгъуфІэныгъэ дин зэхущытыкІэхэмрэ зэрырагъэфІакІуэ Іэмалхэми.

- Къалэм щолажьэ «2016 - 2020 гъэхэм я ятещІыхьауэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я пэщІэтын» программэ хэхар. Абы кьыщыгъэлъэгъуахэр дгъэзэщІэныр мы зэманым ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - жиІащ Мамхэгъым. - Блэкіа илъэситІымрэ 2018 гъэм и яп илъэс ныкъуэмрэ къащтэмэ, программэм тету къызэдгъэпэща лэжьыгъэм сом мелуани 3-рэ мин 998-рэ текІуэдащ. «Щынагъуэншэ къалэ» программэр щыдгъэзащІэм, щІыпІэ бюджетым и ахъшэкІэ щІыху куэд щызэхуэс щыпІэхэм видеокамерэхэр щыдгъэуващ. Къалэм и курыт еджапІэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ терроризмэм пэщІэтыныкмкІэ хъыбархэр зытет стендхэмкІэ къызэдгъэпэщащ. 2018 гъэр къызэрихьэрэ терроризм щІэпхъаджагъэ зэхуэмыдэхэр ялэжьауэ тезырыр зыпшына, щхьэхуит къащІыжьа щІыху 35-мрэ зи Іыхьлы Сирием зэуакІуэ кІуа унагъуи 9-мрэ депсэлъащ. КьищынэмыщІауэ, яукІа щІэпхъаджащІэхэм (10 мэхъу) я щхьэгъусэхэм Іэщ ІагъэлІэхэр епсэлъащ. Псори зэхэту цІыху 54-рэ мэхъури, нэхъыбэр хьэзырыд унафэщІхэм кьыддэлэжьэну икІи дыкъагъэгугъэ дяпэкІэ щІэпхъаджагъэ ямылэжьыжьыну. Ящкіа щІэпхъаджащІэхэм я сабийуэ екъалэ округым мы зэманым щыпсэур 33-рэ мэхъу, тІур балигъщ. Бахъсэн къалэм и щІыпІэ адміни-страцэр хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр и дэІэпыкъуэгъуу, Сирием зэуакІуэ кІуа цІыхухэщІ йопсалъэ къагъэззэжьын папщІэ, ауэ ялэжьа къуаншагъэмкІэ жэуап яхьын хуейщ иужькІэ.

Мамхэгъым жиІащ къалэм дэс, спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ дихьэх щІалэгъуалэм я бжыгъэм гъэ къэс зэрыхэхъуэр, щІэблэр хэкупсэу, гъэзгу захуэм тету къэгъэтэджыным мыслъымэн, христэн дин Іэухущапіэхэм я лэжьакІуэхэм гулъытэ зэрыхуащІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыгъэпсэхупІэхэр терроризмэм щыхъумэныкмкІэ къагъэсэбэп Іэмалхэм къыщыгтеувыІэм, **КІуэкІуэ Юрий** къыхигъэщащ республикэм и зыгъэпсэхупІэхэм Іуэхущапіэ 212-рэ къызэрызэщІауБыдэр. «156-м цІыху гупхэм зыщагъэпсэху. Абы жеубыдэ санаторэ 22-рэ, узыншагъэр щрагъэфІакІуэ лагеру 22-рэ, альпинистхэм тещІыхьауэ 11, хьэщІэщу 92-рэ, нэгъэущІэхэр. Дэтхэнэми зэпымыуэ ди нэІэ тетын хуейщ, псом хуэмыдэу терроризм щІэпхъаджагъэмрэ мафІэсымрэ ахэр зэрыщытхъумэным. 2017 гъэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыху мин 460-м нэблагъэм зыщагъэпсэхуащ. Ар 2016 гъэм ельытауэ проценти 8-кІэ нэхъыбэщ. Иужьрей илъэсиплІыр кьапщтэмэ, республикэм къакІуэхэр процент 75-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэу адэкІи екІуэкІын папщІэ, ди ныкъусаныгъэхэм делэжьын, туризмэм зэрыщІэхьэжьыным дегупсысын хуейщ. ЗэрыфщІэщи, КЪБР-м и Правительствэм 2017 гъэм кьищта унафэхэм ящыщ зым къыщыгъэпэсыгъуащ республикэм и хьэщІэщхэр терроризмэм щахъумэныкмкІэ ягъэзэщІэн хуей къалэнхэр. Сыхуейт абыхэм зэрелэжьыным щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр тКІийуэ фыкІэлъытыпІыну».

КЪБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІ **Ромашкин Игорь** зэрыжиІамкІэ, экстремизм Іуэхугъэм щІалэгъуалэр пэІэщІэ щІыным Іуэхущапіэр лъэныкъуищкІэ йолэжь. Псом япэу Интернетым иратхэ хъыбархэм Іэщагъэлэжьэр кІэлъоплъ, бланГъэпІэ ныбжьым нэмысахэм йопсалъэ, адэ-анэхэм ядолажьэ. Апхуэдэу 2017 гъэм курыт еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэм лекцэ мини 2-м нэблагъэ къахуеджащ, гулъытэ нэхъыбэ хуащІ щытыкІэ гугъу ихуа щІалэгъуалэм. Псэпсэлъам къызэрыкитащамкІэ, КЪБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэ щхьэкуэр кІэлъоплъ сабийхэм зауКІыжыну кьыхураджэу Интернетым джэгукІэ зэхуэмыдэхэр кьызылъхьэхэр къыщІагъэщыным. Ромашкин Игорь жиІащ 2018 гъэм апхуэдэ щхьэусыгъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым уголовнэ Іуэху къызэрыщамыІэтар.

ЗэІущІэм кьыщыпсэлъащ Шэджэм районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **ТекІуэщ Артур**, КЪБР-м курортхэрэ туризмэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Сумаев Ахъмэт**, КЪБР-м щІыхуэхэр егъэджэныкмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Алэкъуей Арсен**.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Лъэпкъыбзэхэм ирогузавэ

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм мэкъуауэгъуэм и 26-м щызэхэтащ бзэхэр хъумэныкмрэ ахэр зэрыраГъэдж щыкІэр егъэфІэкІуэныкмрэ теухуа зэІущІэ. Ар ехьэлІат иджыблагъэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат гупым бзэм теухуауэ къыхалъхьа законопроектым. Курыт еджапІэхэм щІэсхэм я анэдэлъхубзэхэр езыхэм я фІэфыныгъэм тещІыхьауэ фІэкІа ямыджми хъуну къызыхэщ законопроектыр умыгъэзыгъэнкІи абы арэзы утехъуэнкІи Іэмал зимыІэт.

ЗэІущІэм зыкъэрагъэхьэлІащ КЪБР-м цІыхухэр егъэджэныкмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къудзэ **Шэнтіыкъу Иринэ**, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и кІэлъыплъакІуэ гупым и унафэщІ **Хьэфыщіэ Мухьэмэд**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуроку Хьэутий**, «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм и унафэщІым и къудзэ **Дзыгъул МуІэед**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къудзэ **Щоджэн Іэминат**, КЪБР-м и ТхакІуэхэм я зэгъэхьэныгъэм и унафэщІ **Беппаев МуІіалип**, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм балъкъэр литературэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Табаксоев Мухьтар** сымэ, нэгъэущІэхэри.

- Дызэрыщыгъуазэщи, КЪБР-м и Конституцэм щыгъэзыхуащ адыгэбзэри, балъкъэрыбзэри, урысыбзэри зэкъралыбзэу зэрыщытыр, - жиІащ къыщыпсалъэм ШэнтІыкъу Иринэ. - Апхуэдэу щыщытКІэ, дызыгуэт къэралым и къалэн нэхъыщхьэщ бзищри зэхуэдэу хьумэнымрэ егъэфІэкІуэнымрэ. Лъэпкъыбзэхэм лей къэтемыгъэхьэным, ахэр щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапіэхэм зыхуей хуэзэу, Іэмал имыІэу зэрыщрагъэхьэным хуейм теухуа лэжьыгъэхэр идогъэкІуэкІ. Псалъэм папщІэ, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкІэ папщІэдзэ, курыт еджапІэхэм зэрыщрагъэдж программмэхэр министерствэм игъэхъэзырауэ Урысейм егъэджэныгъэмрэ методикмкІэ щыІэ зэгугъэныгъэхэм иджыблагъэ къыщтэри, федеральнэ реестрым хигъэхьащ. Министерствэр яужь ихьащ лъэпкъыбзэхэмрэ литературэхэмкІэ щыІэ тхылъхэр егъэджэныгъэ щапІэхэм тету къэгъэщІэрэщІэжьным, методикэ и лъэныкъуэкІэ зэІузэпэщ щыным, иджырей зэманым пэджжэу гъэпсыным.

КъаІэта Іуэхугъуэм теухуауэ кулпщІафІэу къэпсэльащ **Щоджэн Іэминат**. Абы къыхигъэщащ къыхалъхьа законопроектым тету адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ еджапІэхэм щаджыным лъэпкъхэм фы лъэпкъ къаззрыхуимыхьынур.

ЗэІущІэм щыжаІахэр кьыззщІикъуэжу, **Хьэфыщіэ Мухьэмэд** къыхигъэщащ лъэпкъыбзэхэм ятеухуа законопроектыр пхыбгъэкІзрыпхыпхыну, Іуэху кьаІэтам теухуауэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ягъэхьэзыра тхыгъэхэр УФ-м и Президент щІапІэхэм зыхуей хуэзэу, Іэмал имыІэу зэрыщрагъэгъэджын хуейм теухуа лэжьыгъэхэр идогъэкІуэкІ. Псалъэм папщІэ, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкІэ папщІэдзэ, курыт еджапІэхэм зэрыщрагъэдж программмэхэр министерствэм игъэхъэзырауэ Урысейм егъэджэныгъэмрэ методикмкІэ щыІэ зэгугъэныгъэхэм иджыблагъэ къыщтэри, федеральнэ реестрым хигъэхьащ. Министерствэр яужь ихьащ лъэпкъыбзэхэмрэ литературэхэмкІэ щыІэ тхылъхэр егъэджэныгъэ щапІэхэм тету къэгъэщІэрэщІэжьным, методикэ и лъэныкъуэкІэ зэІузэпэщ щыным, иджырей зэманым пэджжэу гъэпсыным.

Бизнесымкіэ институтым.

КъаІэта Іуэхугъуэм теухуауэ кулпщІафІэу къэпсэльащ **Щоджэн Іэминат**. Абы къыхигъэщащ къыхалъхьа законопроектым тету адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ еджапІэхэм щаджыным лъэпкъхэм фы лъэпкъ къаззрыхуимыхьынур.

ЗэІущІэм щыжаІахэр кьыззщІикъуэжу, **Хьэфыщіэ Мухьэмэд** къыхигъэщащ лъэпкъыбзэхэм ятеухуа законопроектыр пхыбгъэкІзрыпхыпхыну, Іуэху кьаІэтам теухуауэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ягъэхьэзыра тхыгъэхэр УФ-м и Президент Путин Владимир, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІ Матвиенко Валентинэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщІ Володин Вячеслав сымэ я деж иКІщІыпІэкІэ егъэхьын зэрыхуейр.

* * *

А МАХУЭ дыдэм Бизнесымкіэ институтым щекІуэкІащ а Іуэхум теухуа зэІущІэхуэз. Ар къызэрагъэпэщащ. КЪБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм, ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкмкІэ центрым, Бизнесымкіэ институтым.

Зэхуэсым хэтащ Адыгэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм я ззэзыгъэуІу Хасэм и тхьэмадэм и къудзэ **Шэшэн МуІэед**, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**, КЪБР-м Гуманитар къызэтныгъэхэмкіэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Хьэкіуащэ Мадинэ**, КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм зэгъэужьыныгъэр, Іуэху кьаІэтам теухуауэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ягъэхьэзыра хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, Къэбэрдей конгрессым и тхьэмадэ **Бещто Аслъэн**, егъэджакІуэхэр, щІалэгъуалэр, анэдэлъхубзэм лей кьытехьэным иригъэзавэкІэ.

- Бзэр щымыІэжмэ, лъэпкъри щІэжжкъым, - жиІащ Шэшэн МуІэед. - Абы кьыхэкІыу, ди анэдэлъхубзэхэр егъэджыным дыхуей-дыхуэмейм ельытауэ щыт хъунукъым. Адыгэбзэри балъкъэрыбзэри урысыбзэм хуэдэу къэралыбзэу щыщытКІэ, дэ дыхущІэкъунущ законопроектыр пхыыбгъэкІыным. Сыт хуэдэ Іэмалри къэдгъэсэбэпын хуейщ, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ Іэмалынщэу еджапІэхэм щаджын хуейуэ къызэтенэ папщІэ. Мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ ди лъэпкъхэм адэкІэ я щыІэныгъэмкіэ.

Апхуэдэу Азычэ Светланэ жиІащ законопроектыр зэрыдамыІыгъынур, лъэпкъхэм яфІ къызэрыкІын зэхъуэкІынырыгъэхэу абы хэбгъахъэ хъунуэр къызэрагъэлъэгъуэнур. КІэщІу жыпІэмэ, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зи анэдэлъхубзэу щытхэм ахэр Іэмал имыІэу яджын зэрыхуейр законопроектым хэлъхьэжыну.

ТАБЫЩ Динарэ.
Сурэтхэр тезыкар
Къарей Элинэщ.

● Фи лъэIукIэ

ТекIуахэм я парад

1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м Москва щекIуэкIауэ щытащ Хэку зауэшхуэм къыщыхъха текIуэныгъэм и дамыгъэу ува парадыр. Абы щыгъуэ дзэхэм я сатырхэм хэтащ къэрал иным и республикэхэм, крайхэм, областхэм щалъхуа зауэлIхэр. ТекIуахэм я сатырхэм хэтащ ди лъахэгъухэри. Нобэ а псоми я цIэр къысIуэну сыхуейщ. Ахэр Бороздна Аркадий, Уэлджыр Хьэжмагуэ, Воронов Иван, Дмитриев Михаил, Къанщыкъуей Уэхьид, Къардэн Къубатий, Къардэн Хьэбас, Кебеков Мухьэрбэч, Козлов Василий, Колесниченко Владимир, Колесниченко Василий, Кравченко Владимир, Крохмаль Иван, Мэкъауэ МатIэ, Мамедов Минур, Мкртчан Мкртич, Овод Проколий, Олейников Пётр, Орлов Николай, Павленко Михаил, Петров Платон, Поповцев Николай, Туляков Михаил, Фролов Иван, Хамицаев Уэсмэн, Хакулин Иван, Хомич Анатолий, Щоджэн Гъумар, Яхэгуауэ Михаил сымэщ.

ДИ республикэ мыинын папщIэ цIыху 30-р мащIэкъым. ИкIи ахэр парадым эзрымыщIэкIэ хэхуакъым. Абыхэм псоми текIуэныгъэр къэхьыным зэфIэкIыу яIэр иратхэлIауэ икIи лъэпкъ кэзд щыпсэу хэкум лъагъуныгъэрэ пэжыгъэрэ зэрыхуэIэр къэгъэлъэгъуауэ.

ТекIуэныгъэм и Парадыр егъэкIуэкIыным теуха унафэр Сталин Иосиф 1945 гъэм накъыгъэм и кум къыщытащ.

Генералныэ штабым и унафэщIым и къэдзэ, армэн и генерал Щтенко Сергей итхыжауэ щытащ: «Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм дэ къыгъэнэсыуэ фашист Германием дызэрыстекIуам и дамыгъэу увын хуэй парадыр егъэкIуэкIынымкIэ дие епIлыкIэр къыхэтIхьэну икIи абы къыщыхигъэщхьэхукIащ: «Дэ къытпэщытщ адрейхэм хуэмыдэ парад къызэдгъэпэщу егъэкIуэкIыну. Абы къызэщIиубыдапхъэщ фронт псори, дзэ лIэужьыгъуэ псори...».

МыгувэУ Генералныэ штабым мы парадым теуха Iуэхуэр къыхилъхьащ. Ар зэрыщыту Сталиным ядилыгъащ, щрагъэкIуэкIыну пIалъэм фIэкIа къэмынэу. Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм штабым къыгъэлъэгъуа пIалъэр тIуикIэ игъэмэщIащ икIи парадыр зы мазэ нэхъ дэмыкIыу егъэкIуэкIын хуейуэ къыгъэуващ.

Накъыигъэм и 24-м къыдэкIащ фронтхэм я командующхэм яхуэгъэза унафэр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Москва щекIуэкIыну парадым хэтын папщIэ фронт къэс полк къыхэха игъэхьэзырын хуейт. Полкыр къызэрагъэпэщынут мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу: дэтхэнэри цIыхуи 100 хьуу ротэу тIу зыхэт батальону тху хьуу. Абыхэм ящIыгъунут командиру цIыху 19, бэракъэхьэу цIыху 36-рэ, офицерхэм я къуэдзэу цIыхуи 4. А щIыкIэм тету полк къэс цIыху 1059-рэ, хуей хьумэ, хагъэхьэжыну аргуэру цIыхуи 10 къызэщIагъэIуэн хуейт.

Полкым хэтынут лъэсырыкIуэдзэ ротэу зы, артиллеристхэм, танкистхэм, лётчикхэм я ротэ зырыз, шууейхэм, связистхэм, саперхэм я ротэу зы.

Аухуэдэу унафэм итт парадым хэтыну зыхуагъэфащэнухэр зауэм нэхъ лIыхъужьыгъэшхуэ зыхыгъэлъэгъуахэм, орденхэр зиIэхэм ящыщу къыхахын зэрыхуейр. Полкэр 1945 гъэм мэкъауэгъуэм и 10-м ирихьэлIэу Москва къэкIуапхъэт икIи дэтхэнэми иIыгъын хуейт нэхъ щыгъуэшхуэ зиIэ соединенэхэм я бэракъыу 36-рэ, апхуэдэу биим и бэракъыу, штандарту къаIэрыхьа псори.

Дэтхэнэ зауэлIри офицери хуабжьу хэпIлъхьауэ я къыхахыт. ЯпэкIи ирагъэщыт зауэм нэхъыфу зыкъыщыгъэлъэгъуахэр. Мыхьэнэшхуэ иIэт зауэлIым и лъагагъэми. КъапцIэмэз, ЯпэкIи Белорус фронтым и дзэхэм яхуэгъэза унафэм къыщыгъэлъэгъуат парадым хэтынухэр я лъагагъкIэ сантиметри 176-рэ нэхъ-рэ мынэхъ лъахъшу, я ныбжькIэ илъэс 30-м щIимыгъэу зэрыщытын хуейр.

1945 гъэм мэкъауэгъуэм и 22-м СССР-м Iэщэкъ ЗэщIэузэда и Къаруэм я Главнокомандующэ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ ТекIуэныгъэм и парадыр 1945 гъэм мэкъауэгъуэм и 24-м Москва и Краснэ Утыкум щрагъэкIуэкIыну ягъэуващ. Абы хэтынущ фронтхэм я полк къыхэхахэр, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ наркоматым и полк къыхэхар, Дзэ-Тенджвэ Флотым и полк къыхэхар, дзэ академиехэр, дзэм и еджапIэхэр, Москва и гарнизоным хиубыдэ дзэхэр. Парадым и Iэтащхьэу Совет Союзым и Маршал Жуковыр, парадыр иригъэкIуэкIыну Совет Союзым и Маршал Рокоссовскэр ягъэуващ.

Парадым зыщыхуагъэхьэзырым гугъуехь - пыухыкIахэр - къыкъэумыкIыу ясэнакъым. Фронтхэм я лIыкIуэ зауэлI минхэр зыщIэсынкIэ яшхынкIэ къызэрагъэпэщын, махуэшхуэ фащэкIэ яхуэпэн хуейт. Дэтхэнэ зыми и щыгъыныр езым и пкъым хуэкIуэу ядыну къапэщытт. А къалэн мытынышм нэгъэсауэ ехьулIащ Москваре областымрэ я дэрбэзэр фабрикхэкэр. Мэкъауэгъуэм и 20-м ирихьэлIэу парадым хэтыну псори фащэщIэхэмкIэ зэщIахуэпыкIащ.

ЕтIуанэ Iуэхур полк къыхэхахэм я штандартхэр гъэхьэзырынырт. А Iуэхур Москва и гарнизоным щыщ хуэакIуэхэм я пщэ ираIэхьащ. ИкIи ахэр я къаурм емыблэжу Iуэхум пэрыта пэтми, абыхэм ягъэхьэзыра штандартхэр ягу ирихьакъым. Парадыр екIуэкIыным махуипщI нэхъыбэ иIэжтэкъыми, мы лэжьыгъэр Театр иным и IэщIагъэлIхэм нэхъ яхуэзэфIэкIыну къаIэытащ. Абыхэм зэман кIэщIым ящIащ бэракъ 360-р зыфIэлъ баншэм я штандартхэр, абыхэм къепхэкIауэ щытыну лентIэхэр. Дэтхэнэ зы лентIми къигъэлъагъуэрт бэракъыр зыIыгъа дзэ гупым хуагъэфэща награнтхэр зыхуэдэр.

Мэкъауэгъуэм и 24-м къызэIуаха парадыр екIуэкIащ Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуам зыкIи темыкIыу. Полк къыхэхахэр утыкум икIа нэужь, музыкант 1500-рэ зыхэт оркестрыр увыIащ. Абдеж бэрэбанауэм щIэту сэлэт 200-м гъэщхьэуэ яIыгъуу утыку кърахьащ Ещанэ рейхым и дзэхэм я штандартхэр икIи ахэр мавзолейм и гупэкIэ щIым щызэтрадзащ. ЯIыгъ дамыгъэхэм зэрыщымэхъащэм и щIыхьэту сэлэт полкым Iэпхэр яIэрыгъ. Апхуэдэу ирихащ зэпымыуж узлбанэм щIэту сыхьэтитIкIэ екIуэкIа парадыр. Абы хэтащ маршал 24-рэ, генерал 249-рэ, офицер 2536-рэ, сержантрэ сэлэту 31116-рэ.

КЕБЕКОВ Владимир,
«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Парламентым и депутат.

● Ди щIыналъэхэр

Гъэмахуэ хъупIэхэр къапоплъэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм Iэщышхуэхэм я бжыгъэм щыхохьуэ.

ЩIЫНАЛЪЭМ и мэкъумэш Iэнатlэхэм псоми зэхэту иджыпсту Iэщу мин 49-м нэблагъэ яIэщ. Ар илэ ита илъэсым нэхърэ нэхъыбэщ. Псом хуэмыдэу мы Iуэхум жэуапIныгъэ яхэлъу бгъэдэтщ уней хозяйствэ къызэзыгъэпэщащ къэрыучтыщIэхэр.

СХП-хэм Iэщlэвыщlэхэм къищынэмыщIауэ, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ зэрагъэбзэгъуэнми я зэфIэкI ирахьалIэ. Мы зэманым ахэр мин 80-м нагъэсащ. Iэщlыхъуэхэм яхэтщ шы гъэхъуным зезытахэри. Абыхэм я фIыгъэкIэ шыхэм я бжыгъэр мини 5-м нагъэсащ икIи ар илъэс блэкIам ялэм нэхърэ 200-кIэ нэхъыбэщ.

Iэщ бжыгъэм апхуэдэу зыкъызэриIэтыжыр районым и промышленностымкIи Iэужьынщэ хъуакъым. 2018 гъэм дызэрытехьэрэ лыхэкIым елэжь предприятэхэм продукцэу центнер 230-рэ къыщIагъэкIащ. Мы зэманым хозяйствэхэм къамахуэ хъупIэхэм зэрыкIуэнум зыхуагъэхьэзыр.

ЩIыуэпсым хуосакъ

Тэрч щIыналъэм щрагъэкIуэкIащ мэзхэр хъумэным теуха Iуэху.

«ТЕРСКОЕ лесничество» къэрал предприятэм и IэщlагъэлIхэмрэ 4-нэ кьалэ курыт еджапIэм щеджэхэмрэ зэгъуэгу мэз лъапэхэр ягъэкъэбзащ, жыгыщIэу 40-м нэблагъэ хасащ. Илъэс къэс мыбыхэм зэгъуэгу ирагъэкIуэкI мыпхуэдэ лэжьыгъэ: мэз гъэнгэнрэ щыхэгъуэкIа жыгхэр ирах, къудамэ къыгуэгуахэр зэхуахьэсри ягъэс, жыг лъабжьэхэр ягъэкъабзэ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, мыпхуэдэ Iуэхум къыдэкIуэтей щIэблэр щIыуэпсым нэхъ пэгунэгуэ ещI, дыкъэзыуухьуреихь дунейм ихъумэ щэху кудым щагъэгъуазэ, а дерсхэм я фIыгъэкIэ ди мэзхэри хъума мэхъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Пшыхьэр

Мураду фщIыр къывэхъулIэну!

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Астэмрей жылэм дэт езанэ курыт школым мы гъэм 11-нэ классым къыщIигъэкIащ цIыху пщыкIуплI. Абыхэм папщIэ еджапIэм мэкъауэгъуэм и 25-м къыщыдзэрагъэпэщащ гуфIэгъуэ пшыхь дахэ. НыбжьыщIэхэм хуэдэ дыдэу гурыгъу-гурыщIэхэм зи псэр зэщIаIыгъэхэм ящыщт абыхэм я класс унафэщIу, ныбжьэгъу пэжу яIа, инджылызыбзэммкIэ егъэджакIуэ Быдэ Фатlимэ.

- КУРЫТ школыр къыщывух фи махуэ лъапIэмкIэ сынывохъуэхъу! Фыузынщэу, гукъеуэншэу, гукъыдэж фиIэрэ фи адэ-анэм нэмысрэ пщIэрэ яхуэфащIу фыпсэуну, мураду фщIыр къывэхъулIэу дунейм дахэу фыытетыну си гуапэщ, - апхуэдэ псалъэ гуапэхэмкIэ щIэблэм захуигъэзащ школым и директор ЩауэцIыкIу Галинэ.

Абы и псалъэхэр даIыгъащ хьэщIэ лъапIэхэу Акъбащ Ипщэ къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Джэдгъабэ Артур, Белоглинское жылэм и администрацэм и Iэтащхьэ Махъсидэ Аслъэн, щIыпIэм щылажьэ Iэхъущlапlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэу Тумэ Джамбулат, Уэрсей Анжелэ, Азызэ Аскэр, Къашокъуэ Iэсиат сымэ.

Къэзыух цIыкIухэм нэхъ къахэжьныкIахэу, фIы дыдэу еджакэу Хьэтlэф Мадинэ, ТхьэилI Альбинэ, Ирыгу Аминэ сымэ щыщ медалыр хуагъэфэщащ.

- Пожу жысIэнщи, сигу кьоуэ апхуэдиз илъэсыр щызгъэкIуа си етIуанэ унэм махуэ къэс сыгуфIэу сыкъызэрымыкIуэнур, си классэгъухэр спэIэщIэ зэрыхъунур, - и гурыльхэр кьеIуатэ Мадинэ. - Аущ икIи согуфIэ, ди адэ-анэхэр дэркIэ гушхуэу нобэ школыр кьызэрыдухым папщIэ. АдэкIи зыри дымыгъэщIэхъуным, щIэныгъэ зэдгъэгъуэту дъэпкъым сэбэп дызэрыхуэхъуным иужь дызэриштынымкIэ фыкъыдогъэгубзэ!

Пшыхьым и кIэм щIыкIуэхэр зэгурыIуащ я егъэджакIуэ пажэжэр Iэщlыб ямыщIыну, щIэх-щIэхьыпэ школым лъагъунЪагъу къэкIуэну, езыхэми яку дэлъ ныбжьэгъугъэр нэхъ лъэщ, нэхъ быдэ зэрыхъуным хущIэкъуну. Гухэхъэщ апхуэдэ щIблэ дахэ къызэрыдэкIуэтейм уклIэльпIэныр!

Iей фигу къэмыкIыу, ер зигу илъ щIыху фримыкьэлIэу Iуэгуэнэ дахэ фытетхьэну дэри дыныбохъуэхъу.

КЪАМБОТ Марианнэ,
КъБКъУ-м и студенткэ.

● Гу зылъытапхъэ

Мыхьэнэр инщ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ хабзэщIэ къыдокI: къэрал Iуэху дохутыр Iэнатlэм и кIэлъыплъныныгъэм щIэт ерыскъыкъэкI Iуэхуэм я Iуэхуэ щIыпIэ имыIэу электрон сертификацэм хуагъэкIуэн хуейц.

АПХУЭДЭ ерыскъыкIэхэр къызэлъжь зэгъэхьэныгъэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычтыщIэхэм, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, сатуущIэхэм «Меркурий» Федеральнэ къэрал къыбарегъащIэ Iэмэпсымэм зыщрагъэтхьан икIи ар къагъэсабэныну хуитыныгъэ зрагъэгъуэтын хуейц. Абы хэзытхэр ветеринариемкIэ управленэмрэ абы и унафэм щIэт Iуэхуэщlапlэхэмрэщ.

«Меркурий» ФГИС-м щылэжьыну хуит зыщIыр Россельхознадзорым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ РСО-АланиемкIэ и къудамэрщ. Ар щыIэщ Налшык кьалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ проспект, 54.

ФщIэн папщIэ: «Меркурий» ФГИС-м пщIэнэзу зыщрагъэтх.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ветеринариемкIэ и управленэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Зи зэфIэкIыр лъагэ

ЩIыналъэм хыхьэ Шэджэм къуажэм 1943 гъэм къыщалъхуащ. Курыт школыр ехьулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым щIэтIысхьащ икIи 1972 гъэм еджэнэр зэфIихащ, щIэныгъэ зэхъыщIэ зэриIэм щыхьэт техьуэ дипломыр и Iэрылъхьэу. IэщlагъэлI ныбжьыщIэр занщIэу ирагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым икIи абы тхыдэмкIэ и къудамэм илъэсыр 10-м щIигъукIэ щылэжьащ. А зэманым къируибыдэу Башир Iухэгъуэ кэзд зэфIигъэкIащ. Абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ аспирантурэм, игъэхьэзыращ и диссертацэ купщIафIэр. Ар Хьубийм екъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ 1978 гъэм икIи тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащащ. Институтым щригъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iэужьыгъэхэм къадэкIуэу Башир егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэмэ пэрыхьащ. Абы тхыдэм, жылагъуэм епха предметхэр щригъэджащ КъБКъУ-м, МВД-м Краснодар щIиэ еджапIэм и Налшык къудамэм, Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэхэмкIэ и институтым. Зи IэщlагъэлIхэм щIэныгъэ кэу зыбгъэдэль Хьубийм и лекцэхэри и практикэ дерсхэри хуабжьу яфIэхьылэмэт студентхэм. Абыхэм ящыщ кэудым ар гъащIэм гъэугуГэльагъуэ, унэтIакIуэ щахуэхьащ, и лъэужьым ирикIуахэри яхэту.

ЩIэныгъэлI щыпкъэр 1984 гъэм ирагъэблагъащ КъБКъУ-м, университетым щIэныгъэ коммунизмэмрэ правэмкIэ и кафедрэм и доценту. Кэуд дэмыкIыу ар хъуащ а кафедрэм и унафэщIу, абы и кафедрэ нэхъыщхьэ, социальнэ лэжьыгъэм и теориемрэ практикэмрэ щыхурагъаджэм, и пашэу Хьубийр щытащ илъэс 25-м нэскIэ, екъулIэныгъэ кэуди зыIэригъэхьащ. 2005 гъэм а кафедрэм Урысейм щыяпэу къыхуагъэфэщащ «социальнэ лэжьыгъэ» Iэщlагъэм адэкIи зегъэужьыным хуэгъэпса, УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм и грант щхьэхуэ.

Къызэригъэпэща институтым, зи лъабжьэ игъэтIылъа кафедрэм щызэфIих Iэужьыгъуэхэм къадэкIуэу, профессор щIэрыIуэм и нэIэм щIэту мэлажьэ щIэныгъэ-егъэджэныгъэм, къэхутэныгъэ куухэм пыща проект зэмылIэужьыгъуэхэр. Хьубийм хуэзэфIокI къэралпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэхэм я зэхэублакIуэу, жэрдэмщIакIуэу щытын, и лъагъуэм ирикIуэ и гъэсэнгъэхэм я лъэкIыныгъэхэр щIыналъэм и зэпэщIэныгъэм къыщыфIаща а лэжьыгъэ купщIафIэм щIэныгъэ купщIафIэм щIэныгъэ зэрыIуэгъуэ Iэнатlэ зыкъыгъэлъэгъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ къэхутэныгъэ хьэлэмэт кэуд и къалэмпэм къыпыкIащ еджагъэшхуэм. Псори зэхэту къапщтэжа, абыхэм я бжыгъэр 250-м щегъэ. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэр, зэреджэ-методикэ тхыльхэр, статья купщIафIэхэр. Хьубийм и Iэужьыгъэхэр щIэх-щIэхьыпэ къыптоуэ республикэм, къэралым къыщыдэкI щIэныгъэ журнал цIэрыIуэхэм. Абы и пособиехэмрэ тхыльхэмрэ зэIэпах университетым и студентхэм, аспирантхэм.

Бгъэдэль апхуэдэ зэфIэкIыщхуэр кьалъытэри, Хьубий Башир хагъэхьащ КъБКъУ-м, къэралым щылажьэ нэгъуэщI университетхэм я диссертацэ советхэм. Псом хуэмыдэ лэжьыгъэщхуэ абы зэфIегъэкI, «социальнэ лэжьыгъэ» унэтIныгъэм щыхурагъаджэу Урысей Федерацэм и университетхэм я методикэ зэгурыкIуэныгъэм (УМО) хэту. Абы кьыпэкIуащ «Социальнэ егъэджэныгъэм щызыIэригъэхьа екъулIэныгъэ къыгъэкIуэну щыIэ Iэнатlэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр

♦1912 гъэм Урысейм кьыщыщIэрагъэпэщыжащ зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я кьулыкъухэр. А Iуэхущlапlэр 1889 гъэм зэхуащIыжауэ щытат.

♦1919 гъэм Франджым щыIэ Версаль уардэунэм Iэ щытрадзащ Япэ дунейпсо зауэр зэриухам щыхьэт техьуэ дэфтэр нэхъыщхьэм - мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм.

♦1919 гъэм Лъэпкъэм я Лигэ кьызэрагъэпэщащ.

♦1933 гъэм Москва щыщIадзащ дыщIанэкIэ дзгъэIэпэхъукIыным пыща Iуэхум. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, кьалащхьэм дашауэ щытащ а лъэпкъым щыщ щIыху 5470-рэ.

♦1941 гъэм нэмыцэ-фашистыдзэхэм Белоруссием и кьалащхьэ Минск яубыдащ. Ар бийм иныгъащ 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 3 пщIондэ.

♦1946 гъэм Горький кьалэм дэт заводым кьыщыщIагъэкIыу щIадзащ ГАЗ М-20 «Победа» автомобиль псынщIэр.

♦1948 гъэм Архитекторхэм я дунейпсо зэгугъэныгъэр къыхэзрагъэпэщащ.

♦ТхакIуэ, щIэныгъэлI, генеалогиемкIэ дунейпсо академиеми (Париж) ЩIДААми я член-корреспондент **Махъсидэ Анатолий** къызэралъхуэр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, журналист, режиссёр **Бодров Сергей** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м и и щыхуэр артист **Панкратов-Черный Александр** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей спортсменкэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, художественнэ гимнастикэ спорт лIэужьыгъуэм щIыхь зиIэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуэ **Уяшевэ Лийсан** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр маху ям градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 29, *мэрем*

♦Дунай псым и махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ партизанхэмрэ тылым щэхуу щылэжьахэм-рэ я махуэр

♦1776 гъэм иджырей Санфранциско (США) кьалэр зыхуэзэ щIыпIэ нэщIыр псэупIэ ящIауэ щытащ ислапхэм.

♦1855 гъэм Лондон кьыщыдэкIащ «Дейли Телеграф» газетым и япэ номерыр.

♦1900 гъэм Одессэ щэхуу щекIуэкIащ студентхэм я урысейпсо съезд.

♦1916 гъэм уэгум япэу ихьащ «Боинг» компанием и кхъухьлъатэр.

♦1940 гъэм Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театральнэ институтыр адыгэ, балъкъэр студиехэм щеджахэм кьауахащ.

♦1958 гъэм Бразилиер футболымкIэ дунейпсо чемпион япэу хъуащ. Псори зэхэту ар дунейм и чемпион тхузнейрэ хъуащ. Апхуэдэ зыхуэзфIэкIар а кьэралым и футболистхэм я закъуащ.

♦1964 гъэм кьагупсыщащ цIыхур кьэмытэджу телевизорыр езыр зыхуей каналым зэрытриухуэ Iэмэпсымэр - пультыр.

♦1976 гъэм Сейшелы хьытыгуэр къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦1984 гъэм Минск метром и япIэ ныкъэр лажьэу яутIыпщащ.

♦1995 гъэм Москва и кьалэ Думэм къэралым и щыхьэрым и уставыр кьищтащ.

♦2010 гъэм УФ-м и Суд нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ «Славянский союз» жылагъуэ-политикэ зэгугъэныгъэр лэжьэну хуит зэрымыщIым теухуа унафэр. И щхьэхуитыгуэр - абы экстремист мурадхэр зэриIэрэ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъэр Юрий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Тыркумэным и президент **Бердымухамедов Гурбангулы** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Машная Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр маху ям градус 29 - 30, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уэсэпс тхьэгъур гугъэхуабэщ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзоиэ Iэхъущlапlэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм, КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгугъэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Кабардино-Балкарскэ Республикэм и Парламентым и депутатхэм я зэгугъэныгъэм, «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» ОРТК-м, программмэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ республикэ типографкомбинатым я лэжьакIуэхэм гущыIэхэр къыщыхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI **Хьэжыкъуэ Алик Алий и къуэр** дунейм зэрехьэжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ

Iуащхьэмахуэ и щIыхькIэ

Собинов Леонид и цIэр зэрихьэу Саратов дэт къэрал консерваторием и оркестрым бадзэуэгъуэм и 7-м Iуащхьэмахуэ щыгум щигъэзэщIэнщ «Минги Тау» къэрэшей-балъкъэр симфониер.

СИМФОНИЕР зи Iэдакъэ къыщIэкIар а консерваториемрэ щеджа, Налшык къалэм щыщ Малкондуевэ Ахьмэтщ. IэщlагъэлIхэм къызэрыхагъэщыжмкIэ, классикэ макъамэ щIэщыгъуэр музыкант 75-м ягъэзащIэ. «Минги Тау»-р Iыхьлиплу зэхэлъщ, дэтхэнэри теухуащ Iуащхьэмахуэ и дахагъыи, инагъыи, ар зэрытелъыджэм. Симфониеми и епIланэ Iыхьэр гимным хуэдэу хэIэтыкIащ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ Iуащхьэмахуэ я жэрдэмкIэ Малкондуевыр и хэкум къарагъэблагъащ оркестрыр зэрыщIыгъуу, симфониер зытеухуа Iуащхьэмахуэ и щыгум ар щагъэзэщIэну. Европэм нэхъ лъагэ дыдэу щагъэзэщIа симфониер чэнущ ди хэкуэгъум и IэдакъэщlэкIыр.

ТАРИМ Алиса,
Iуащхьэмахуэ щIыпIэ адміністрацэм и пресс-Iуэхущlапlэм и унафэщI.

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№968-69, 72-75, 78-хэм итц).

Си гъащІэр уи щхьэзыхьщ!

Хьэтэсилэ зыщигъэпсэхунум, щыгупсысэнум деж щакІуэ кІуэрт. Абы кьІэпэщылъыр зэрыІуэхушхуэр, зэрыІуэху гугъур ищІэжьыртм, къриджа дзэпщхэр къыхэхуэмыс щыкІэ, щакІуэ кІуэну мурад ищІащ. Тутхьэлийрэ Алэдамэрэ щыгъуу мэзымкІэ яунэтІауэ, гъуэгу здытетым, Хьэтусилэ игу къэкІыжащ и вакъуэр зыщыщымкІэ зэи зэрыщІэмыупщІар. Алэдамэ Хьэтусилэ деж зэрыщыІэрэ илъэс пщыкІутІ хъуат, ауэ а зэманым къриубыдэу зэи еупщІатэкъым сыт хуэдэ лъэпкъ ар къыхэкІами, дежь щалъхуами, дауэ щхьэхуимыт хьуами.

- Алэдамэ! - и сэмэгурабгъумкІэ къыщыт щІалэм хуеплъэкІащ Хьэтусилэ.

- Сынодаіуэ, зиусхьэн.

- Сэ зэи сыщІэупщІакъым узыщыщ лъэпкъым. ПщІэжрэ щхьэхуимыт узэрыхъуэ щыкІэр?

- Сощ!эж, зиусхьэн. Тенджыз ФыцІэм адрыщкІэ щыпсэу лъэпкъым сыщыщщ сэ - мэуэтхэм.

- ЩІыпІэ дахэ хъунщ ар? - фІэгъэщІэгъуэну щІэупщІащ Тутхьэлий.

- ЛІы гуащІэхэмрэ бзыльхугъэ телъыджэхэмрэ я хэкущ ар, си къуэш. Сэ щІынапІэ куэдым сыкъыщыщІидащ, куэди си нэгу щІэкІащ, ауэ си хэкужьыр псом нэхърэ нэхъ дахэу, нэхъ Іэфіу сигу кьинэжащ. Си нэгу щІэтщ ар иджыпстуи. СызэрыцІыкІуам щхьэкІэ, апхуэдэу къысщыхъуу арагъэнщ, - пыгуфЫкІащ щІалэр.

- ГъэщІэгъуэнщ, - и щхьэр ищІащ Хьэтусилэ. - АтІэ, дауэ укъыщыхута Хьэт къэралыгъуэм?

- Си адэр пщыт (Хьэтусилэ ар щызэхихым къэуІэбжьащ). Ди дежкІэ хабзэщ пщыхэм я къуэр илъэситху зэрырикъуу, пщІэ зыхуащІ, лІы Іущу, зауэлІ хахуэу зи цІэр Іуам ирату, балигъыпІэ иувэку ирагъэпІыныр. Вакъуэу ират, кІэщІу жьпІэмэ. ЩІалэ цІыкІур сащ, балигъ зыуащ щыжаІэм деж, вакъуэм хуэзфІэкІ къимыгъанэу, тыгъэ лъапІэхэмрэ уанэш зэщІэуэздарэ иретри, щІалэр и адэм хуещэж. Абы папщІэ, пщым джэгушхуэ къызэІуэри, жэщищ-махуищкІэ ефэ-ешхэу, зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІыу зэхэтщ. Иужьым, вакъуэ благъэм дуней фЫгъуэр тыгъэ хуещІри, ирегъэжьэж. Сэри вакъуэ адэм деж илъэсипІІ хъуауэ сыщыІэт абы щыгъуэ. Бдзэжьей дещэу тенджыз Іуфэм дыІутт, хытет бзаджащІэхэр къыщыттеуам. Нобэр къыздэсым си нэгу щІэтщ а махуэм ди къуажэр ІисрафэзэращІауэ щытар. Сабийуэ ягъуэтыр къызэщІакъуэри, зэщІэгъуагъэ, кхъуъым драшеящ. Сэ си вакъуэ адэм сигъэпщкІуат, абы си адэм деж жэуап щихьырт сэркІэ. Яуклащ вакъуэ адэр. Сэри сыкъагъэтри, адрей цІыкІуэм гъуэсэ сыхуащІащ.

Хьэтусилэ щІэмыупщІэми ищІэрт хамэ щыІпІэ къыщыхута сабийм бэлыхьу телъымрэ ишэчымрэ зыхуэдэр. Езым игъэват а псор зэгуэр. Хьэтусилэ и сабиигъэр игу къэкІыжри, щІалэщІэм нэщхьей-нэщхьейуэ хуеплъэкІащ, «укъызгуроІуэ» жьхуиІэу.

- Дауи, жэщкІэ уепщІыхь хъунщ а махуэм?! Апхуэдэр щІэхфэх щыгъупщэркъым цІыхум, - Хьэтусилэ и гупсысэкэр къызэпиудащ Тутхьэлий.

- ПцІы супсынкъым, сепщІыхьырт. Ауэ сэ мыбы унагъуэ щыгъэгъэтыжащ, тхьэхэм жагъуэу сыкъальэгъуэхунтэкъым, - пыгуфЫкІащ Алэдамэ.

- Уи хэкум бгъэзэжыну ущІэхъуэпсэ? ЕмыкІу усщІынукъым, уи гум иІыар жьІэ, - щІоупщІа Хьэтусилэ.

- Сэ зыри къыщыІэжьэркъым абы, зиусхьэн. Ар быдэу сощІэ, - Алэдамэ и макъыр иришэхри, щтэІэщтаблэу къызэпІыхьащ. - Щхьу! Зыгуэр зэхъэх.

Щууеищыр, яшхэр къыжьэдакъуэри, кьепсыхащ. Къэхуари къызэрыхъуари зэуэ къагурыІуакъым, ауэ Алэдамэ напІэзыпІэм зидзащ, Хьэтусилэ зытриубгъуэри, ириудащ.

- Зиусхьэн! - щэху дыдэу Іущэщащ зи нэр щІилъафэ щІалэр.

Тутхьэлий шым зридзри, Алэдамэ и щІыбым хэлъ шабзэр къызыхэлъэта пабжьэмкІэ зричащ. Хьэтусилэ и щІалитым я зыр ІЛами псоуми имыщІуу и куэщІым илът, адрейм, кьиГьэзэжьнуми имыщІэу, бзаджащІэр ирихужьат.

Хьэтхэр

- Алэдамэ! Къаплъэт мыдэ, си щІалэ! Алэдамэ, сызэхэпхрэ? Уи нэр зэтумыпІэ, къызэпІэ, - гужьеят Хьэтусилэ.

ГъащІэ зыльэгъуэ, зауэ куэд зи нэгу щІэкІа, хьэдэ бжьгъэнщэхэр зыгъэсыжа лІыр Іэнкун хъуат къуэ пэлъытэ хуэхъуа щІалэр къыщыхэфІащхэм. Ар зытрагъэпсар езы Хьэтусилэмэ, къэмылын хуэдэу щабзэпэм щхъухь пылъынкІэ хъунут. ЩІалэм и щІыбым ящабзэщэр икІащІыпІэкІэ къыхэкІын хуейт. Хьэтусилэ зыкъищІэжри, куууэ хэлъэда щабзэщэр къыхичащ. Алэдамэ и джанэр зэфІитхъуу щеплъым, лЫм кьыгурЫуащ нэхъ зыщышына дыдэр къызэрыхъуар - щабзэпэм щхъухь пылъат, уІэгъэм ихъуреягъкІэ удэыфафрт. Абдеж нэхьыбэ дыдэу хэущІэнурати, Хьэтусилэ къэрабэрэ щыпсыранэрэ кърифыщІыкІщ, щІалэм и уІэгъэм трилъхьэщ, щыплпІэм дилъхьэри, пІащІэу уардэунэм игъэзэжащ.

- Іэзэм феджж, псынщІэу! - ину джэуРэ дзэлъдащ Хьэтусилэ сэрэйм. - Тутхьэлий мэзым щІэтщ, фыпІежьи къэгъуэт. ПсынщІэу! ПсынщІэу! Іащэ къафщІэ. Псэуэ къыхуэхуэфІІэ ар зыщІар. ЗыІэщІэмыгъэкІ! - зимыщІэжу якІэлъыщджэрт ар зэрыдэха шууей гупым.

Алэдамэ и ІуІагъэм къижа лъыр зи щІыфэм кІэрыГуэ Хьэтусилэ пырхъуэм тетт, кьиКІыкІыкІыу. ЗыкъыхуэщІэжьыртэкъым, зэщІэкІэзыхэрт. Ину щІатэу, и щхьэр фІиудыжу, зэм бжэм Іухьэрэ, щІыхьэну темыгушхуэу къиКІэтыжу, зэми и къуэм кІэлъыкІуэну ежьэрэ, къигъэзэжу гъэзавэрт. Гузэвэгъуэт зэби и Іуэхур. Дэдей ар зыкІи тригъэфыртэкъым. ЦІыхубзым и нэпсхэр ирилъэщІэкІыу лъэныкъуэкІэ щытт. Бжэр къыІуахри, махуэ ныкъуэкІэ Алэдамэ деж щІэса Іэзэхэр къызэрыщІэхьжащ.

- Сыт? Псэу? - яжьхэлъэдащ абы хэм Хьэтусилэ.

Іэзэхэм зралъэфыхьырт.

- Псэу? - ятекІиящ лІыр.

- Зыгуэр жьІфІэ! - къэлъэІуащ Дэдей.

- Зиусхьэн, щІалэр лъэрымыхь дыдэщ. СщІэркъым нэху къекІынуми, ауэ ди къуэру къиКІ къэдгъэнакъым. УІэгъэр дгъэхэбзащ, щхъухьыр Іэпкълъэпкъым къизышым хущІхъуэ еттащ. ЩІалэр къыщыпхьижьым и уІэгъэр зэрымыпхар нэхъыфІщ, зиусхьэн, лЫы къиКІам щхъухьым щыщи кърильэсыкІащ, - къэпсэльащ зи жьакІэхур зи бгъэгум теуэ лІыжь Іэзэр.

- Сыт хуэйми щІэ, ауэ Алэдамэ псэун хуейщ. Сызэхэпхрэ? Псэун хуейщ! - хикъуэзу жиІэрт Хьэтусилэ.

- УкъыщхьэщымыкІ мыбы. Сыт хуэдэ хущхъуэ ухуейми, къэдгъэзытынщ. КьызэфІэгъэзывэ закъуэ! - и Іэр и гум телъу лъаІуэрт гуащэр.

- СлъэкІ лъэпкъ къэзгъэнэнукъым. Тхьэхэм гущІэгъу кьыпхуащІмэ, кьызэфІэузвжынщ щІалэр, - игъэзэжри, бжэр къыхуищІыжащ Іэзэм.

- Зиусхьэн! Тутхьэлий къэсыжащ, - абы хэту зы зауэлІ пырхъуэм кьыТелъадащ.

- Си къуэ закъуэр псэууэ къекІуэлІэжащ! - и гур зэгъэжауэ, гуфІэгъуэ нэпсыр кьыфІеижьхырт Дэдей.

Хьэтусилэ пщІанТІэкум къыщихьэм, Тутхьэлий и щыпІэм дэлъу кьихьа лІыкІыр кьридзыхри, и адэм и пащхьэ кьридзащ. Хьэтусилэ лІыукІым щхьэщыхьэщ, щхьэцкІэ къыщилъэфри, лъэгуажьэнэкІэ игъэтІысащ.

- Хэт укъэзыгъэкІуар? - и дзэр зэтекъуэзауэ щІэупщІащ ар.

ЛІыукІыр щымт, жэуап итыну зигъэхъэзыртэкъым.

- Уэ укъызыкІэпыкІуар сэрат, нэгъуэщІтэкъым. Пэжкъэ?

ЛІыукІым и щхьэр ищІащ.

- Хэт укъэзыгъэкІуар? - щІэкІиящ абы Хьэтусилэ.

Сабэмрэ лъымрэ зэхэзэрыхьыжауэ зи напэр фІей лІым, и нэхэр шынагъуэ гуэру кьиЦІыщІхъуКІыу къыпщыхъурт. И дзэ гъуэжьхэр къигъаплъэу пыгуфЫкІри, «сыт ухуейми кьызэщІэ, жысІэнукъым» жьхуиІэу, къыдэплъеящ ар.

- Уэ улІыукІ Іэзэщ, унэхъыфІ дыдэщ, уи закъуэ укъыщежьакІэ. Дауи, ущыгъуазэу къыщІэкІынщ цІыхур кьызэрагъэпсалъэ Іэмалхэм?! - и щхьэ хужиІэж хуэдэ, щІоупщІэ пщыкъуэр.

- Ди адэ, бзагъэу къысфІощІ мыр. КьызэрыпІэрыхьэрэ, сыт едмыщІами, зы «быхъ» къыжьэдэкІакъым, - къэпсэльащ Тутхьэлий.

ЛІыукІыр нэхъ шынагъуэжу къэдгъэхьащ.

- Іуфщ мыр! Хьэпсым ивдзэ. Фымыгъашхэ, псыи евмыт. Дауэ фхуэйми фщІы, сыт фхуэйми ефщІэ, къэзыгъэкІуар къевгъэІуатэ, - жиІэри, лъэныкъуэкІэ еплъэкІащ Хьэтусилэ.

- Ди адэ, Алэдамэ сыт и лажьэр? - гьунэгъу дыдэу и адэм бгъэдэкІуэтащ Тутхьэлий.

- Хьэпсыщ. Шабзэшэм щхъухь пылъу къащІэкІащ. Уэ сыт ухуэдэ езыр, зыри къыплъэІэсакъэ, щІалэ? - Хьэтусилэ гужьеяуэ и къуэр зэпиплъхьыкьыр, къриІуэнтІэкІыуэр.

- Хьэуэ, хьэуэ, сэ сыхъарэзынэщ.

- Сыту фЫзт! ТельэІу сщІыжкІи хуейщ, Тхьэхэм уку ыззрысхуахъуамэ папщІэ! - и къуэм ІэплІэ хуищІащ Хьэтусилэ. - Афэрым, си щІалэ хахуэ!

И напІащхьэр къытебэгауэ, махуэ псом мыувыІэжьыфу гъуэгуІу щысащ Нэптерэ. Абы къыщыхъурт Алэдамэ и нэр къызэтримыхьыжмэ, езыми и гур къэувыІэну, арыншауэ мыпсэуфыну. Нэптерэ и лэгъунэм къыщІэкІыртэкъым, пырхъуэми къытехьэзэртэкъым, Алэдамэ и ильэгъунуи тегушхуэртэкъым. ЗимыгъэхъеІуэ пІэкум ису арат. Гупсысэу, гьыуэ. Нэхъ гувауэ Тэшмий щІыхьащ абы деж.

- Нэптерэ, си шыпхъу дахэ, нобэрей махуэм укъыщІэкІакъым. Сыт уи лажьэр? Щхьэ апхуэдизу угъурэ? - и шыпхъу нэхъыжьым и щхьэм едэхэщІащ ар.

Зыгуэрым уфІэгуэныхь щыхъуи ар. Сэри си жагъуэ хъуащ, - щабзу телъэщІыхьырт ар Нэптерэ и щхьэм, и дамэхэм.

- Сыт жаІэр, Тэшмий? НэхъыфІ хъуауэ пІэрэ? - и щхьэр хьІитэри, и шыпхъум и нэ къарэхэм щІэплъащ Нэптерэ.

- Хьэлъэу жаІэ, - и дамэр дришеящ нэхъыщІэм.

- Си тхьэмыщІкІэ мыгъуэ... А, сэ си тхьэмыщІкІэ мыгъуэ! - и щхьэр зэрихьэрт Нэптерэ. Гузавэрт.

- НакІуэ, дыщІэупщІэжщ, - къыхихлъхьащ Тэшмий.

- НакІуэ! НакІуэ иджыпступщІэ. Хэт сыт хуейми жьрыреІэ. Сыарэзыщ. НакІуэ, - япэ ищри, щІэпхъуащ Нэптерэ.

Тэшмий и шыпхъу нэхъыжьым лъэщІэмыхьэу кІэлъыжьрт. Алэдамэ и бжэм деж щыт хъужакІуэхэм гу ялъимытэу, щІэсІами кьыфІэмыІэхуу, кІуэрыкІуэм тету бжэр Іуихри, Нэптерэ щІэльэдащ. Лъы ткІуэпс щІэмыытыж хуэдэ, Алэдамэ и фэр пыкІаеу, пІэм иукъуэдияуэ щІильэфри, лъэгуажьэнэкІэ игъэтІысащ.

- Хэт укъэзыгъэкІуар? - и дзэр зэтекъуэзауэ щІэупщІащ ар.

ЛІыукІыр щымт, жэуап итыну зигъэхъэзыртэкъым.

- Уэ укъызыкІэпыкІуар сэрат, нэгъуэщІтэкъым. Пэжкъэ?

ЛІыукІым и щхьэр ищІащ.

- Хэт укъэзыгъэкІуар? - щІэкІиящ абы Хьэтусилэ.

Сабэмрэ лъымрэ зэхэзэрыхьыжауэ зи напэр фІей лІым, и нэхэр шынагъуэ гуэру кьиЦІыщІхъуКІыу къыпщыхъурт. И дзэ гъуэжьхэр къигъаплъэу пыгуфЫкІри, «сыт ухуейми къызэщІэ, жысІэнукъым» жьхуиІэу, къыдэплъеящ ар.

- Уэ улІыукІ Іэзэщ, унэхъыфІ дыдэщ, уи закъуэ укъыщежьакІэ. Дауи, ущыгъуазэу къыщІэкІынщ цІыхур кьызэрагъэпсалъэ Іэмалхэм?! - и щхьэ хужиІэж хуэдэ, щІоупщІэ пщыкъуэр.

- Ди адэ, бзагъэу къ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Пенсэхэр

ТІуми хэкІыжынкІэ мэгузавэ

Ди цІыхухэр пенсэм щагъакІуэ ныбжьыр зэрагъэІэпхъуэнум мы зэманым темыпсэлъыхьыр щхьэхьнэхэм я зэкъуэщ. ИкІи мыбдеж упщІэхэр куэдкІэ щынэхъыбэщ жэуапхэм нэхърэ. Ауэ ятеІэрейхэр икІэм-икІэхьым зыхуэкІуэжыр зыщ: дауэ дыззэрыхьунур?

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, ди къэралым зэгуэр пенсэ ныбжьыр цІыхухъуэхэм я джакІэ илъэс 65-рэ, цІыхубзхэм - илъэс 60 щыхъуу щытащ. 1968 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым къыдигъэкІа унафэмкІэ а бжыгъэитІри илъэс тхурытхукІэ къраГъэхауэ щытащ. Ауэ Совет Союзыр нэгъуэщІ щытащ...

- Лажьеигъэм ехьэлІа Іуэхум здиунэтІынур кІэпщІэну гугъущ, - жеІэ профессор Сафонов Александр. -Мы зэманым илъэс къэс пенсэм макІуэ цІыху зы мелуан. Иджы абыхэм я Іэнатіэм зыщаІэжьэн хуей хъунущ. Ауэ сыт ящІэнур ахэр зыхъужьын хуей ныбжьыщІэхэм? Абыхэм зыри къыхуеижьнукъым.

ІэщІагъэлІым жиІэр пэжщ: лажьапІи пенси ямыІэу куэд къэнэнкІэ шынагъэущ. Мис аращ цІыхуэхэр псом хуэмыдэу зытегузэвыхьыр. Мыздрейуэ, зи ныбжьыр илъэс 60-м щхьэдэхаэм зи лажьапІэхэр яІыгъ щІалэгъуалэ лей къэхъуар зэрехьэжьанкІэ хъунущ, Іэнатіэ къалъхъуэу. Псом хуэмыдэу апхуэдэ шынагъуэр щынэхъ инщ арыншами мы зэманым цІыху куэд здикІ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм.

Пенсэ ямыгъэкІуэхэм я дежи лажьапІэнщагъэм зыщІигубгъну я хэкІыпІэкІынущ. Иджыпстуи зи ныбжьыр илъэс 45-м щхьэдэхам дежкІэ гугъущ Іэнатіэ къигъэтынырр. АтІэ «лІыжь жьакІэхум» хэт къыхуейр?

НэгъуэщІи. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхур сыт и лъэныкъуэкІи щыІэнщэр и ныбжьыр илъэс 62-м нэсыщІэ. ИужькІэ уз зэмылІэужьыгъуэхэр къыпытыкуокІ, лъэрымыхь мэхъу. Абы ныкъуэдыкъуагъэхкІэ пенсэ къыдихьын хуей хъунущ. Ари къэралым дежкІэ фейдэ?

Сыт хуэдэу щымытами, хабзэщІэм дытохьэ - ар Правительствэм и Унафэщіыр зи пашэ «Урысей зэкъуэт» партыр щытепщэ ищхъэрэ палатэм къызэрищтэнум шэч хэлъкъым.

Мы реформэр лъэІэсынущ иджыри къэс пенсэм мыкІуа псоми. Ящэу ар зыхащІэнущ 1959 гъэм къалъхуа цІыхухъуэхэмрэ 1964 гъэм дунейм къытехьа цІыхубзхэмрэ. Зэкіэ зэрыжаІэмкІэ, ахэр пенсэм щыкІуэнур 2019 гъэракьым, атІэ 2020 гъэрэ - я ныбжьыр илъэс 61-рэ, 56-рэ ирикъуауэ.

Пенсэ кІуауэ лажьэхэм иратым хухагъэхъуэнукъым. Илъэс зыбжанэ хъуауэ пенсэхэр я пІэ икІыркъым, апхуэдэуи къэнэжынущ. Ауэ властхэм къагъэгугъэ жыгъэкІэ ират пенсэжэм инфлляцэр зэрызиІэтым нэхърэ нэхъ псынщІэу хагъэхъуэну.

- ЩІэуэ кІуахьхьа индексацэкэр яІэрыхьэнущ 2019 гъэм щыщІэдзауэ,- жиІауэ вице-премьер Голиковэ Татьянэ. - А илъэсым и мазаем и 1-м пенсэжэм хущІагъэнущ илэ ита илъэсым инфлляцэр зэрыхъуу щытам хуэдиз процент. Мэльыхьыхьым и 1-м ахэр къаІэтынущ лейуэ къэралым Іэрыхьа хэхъуэхэр зыхуэдизым тещІыхьауэ. Мы зэманым Урысейм курыт пенсэр сом мин 14,4-рэ щхьэу, апхуэдэу щыщыткІэ, ар 2019 гъэм сом мин 15,4-м нэсынущ. Дыпэплъэнщ, дыпсэумэ...

● Ставрополь край

Флъэгъуа къулыкъущІэ?!

Мы щІыналъэм хьыхьэ Тыркумэн районым и Курчелин къуажэ Советым и Іэтащхьэ Орозбаев Мухьэрэм къыльыхьуэрт Урысейм щыІэну хуит щамыщІ ИГИЛ террорист зэгуэхьэныгъэм хигъэхьэну щІыхуэхэр. Кавказ Ищхъэрэ дзэ судым и пресс-секретарь Катькалэ Орозбаев Мухьэрэм къыльыхьуэрт Урысейм щыІэну хуит щамыщІ ИГИЛ террорист зэгуэхьэныгъэм хигъэхьэну щІыхуэхэр. Кавказ Ищхъэрэ дзэ судым и пресс-секретарь Катькалэ Орозбаев Мухьэрэм къыльыкъуэ щІыгъэсебэпуэрэ, Багбеков Рахман къытригъэхьащ терроризмэм хэтыну.

- 2013 гъэм и дыгъэгъаэм къыщыщІэдзауэ 2015 гъэм и щІыпІэр къэсыху Иларалсун къуажэм куэдрэ щызэІущІащ икІи щІыхуэхур къигъэдэІуащ боевикэм я лагерым зыщІигъэсэну, итІанэ зэуаКІуэ Сирием кІуэну, - къыхигъэщхьэхуКІащ Катькалэ Алёнэ. - Ар къеХъулІэн папщІэ, Каир щыІэ «Маркас» илъам центрым Багбековым хьэрыпІыбзэ щызэригъэщІэн хуейт, ижькІэ Сирием зэрыкІуэнум зыхуигъэхъэзырын щхьэкІэ.

2015 гъэм щышылъэм и 23-м Орозбаевым «Минеральные Воды - Хургада» кхъухьлатэм и билет Багбековым къыхуищэкуащ. А илъэсым и гъатхэпэм къыщыщІэдзауэ къыкІэлъыкІуэ гъэм и гъатхэр къэсыху къулыкъущІэм цІыхухъум мазэ къэс сом мини 10-м нэс хуригъэхьащ. А ахъшэмкІэ Каир фэтэр къыщищтат, щеджэрт, зэуэкІэм зыщыхуигъасэрт, ерыскъы къыщищэхурт. 2015 гъэм Багбековыр боевикэм я хэщІапІэм зы мазэкІэ щыІащ. ИужькІэ Орозбаевым къыхуищэкуащ Урысейм къызэрыкІуэжыну билет, арщхьэкІэ къызэрысыжу хабзэхъуэмэхэм яубыдащ.

Судым Орозбаевыр къуанщэу кІыльыпІащ икІи илъэси 8 тезыру трилъхьэри игъэтІысащ.

Хэт нэхъ шынагъуэр?

США-м и властхэм къэралым и цІыхухэм чэнджэщ ират Урысейм щысакъыну. Кавказ Ищхъэрэм къэмыкІуэхэну. Сыт щхьэкІэ?

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 15-м Штат Зэгуэтхэм я къэрал департаментым кІищтащ американкэр Урысейм къэкІуэным егъэщІылІа Іуэхуэхэмкіэ щІышылэ мазэм къыхалъхьахэм япкъ иткІэ ягъэхьэзырра чэнджэщхэр. Властхэм псори къыхураджэ Урысейм хуабжьу щысакъыну, Шэсэнмэрэ Кавказ Ищхъэрэм и адрей щІынальэхэмрэ мыкІуэну. ТегъэщІапІэ ящІыр терроризм шынагъэрщІ. Ар зэрыльабжьэншэр дэ дольагъу.

«Ижь илъэсхэм Кавказ Ищхъэрэм щыщІэ щытыкІэр хэпщІыкІыу ефІэкІуащ, - жеІэ РАН-м Востоковедениемкіэ и институтым и унафэщІым и хъуэдзэ Аликберов Аликбер. - Иджыпсту республикэхэм уи нэгу зыщебгъэужьыну гухэхъуэщ. Американкэр щІагъэшынэн щхьэусыгъуэ гуэри щыІэкъым. США-м и властхэр зэсэжам тетщ: ирагъэлэй, щхьэтечу жьпІэмэ, кІэрагъасхьэ. Мис ар нэхъ шынагъуэщ...

● Ар зэрыщытар

Карповымрэ Каспаровымрэ зэхуэткІийт

Шахматыр акъылымрэ спортымрэ я дэлэщ ар, иужьрейм хабжэ пэтми, Мыбдеж Іэзагъым и закъыкІэ ущехъулІэнукъым, абы пэхъун узынщагъи уиІэн хуейщ. Ар икІи цІыху мелуанхэр дэзыхьэх джэгукІэщ.

БЛЭКІА лІэщІыгъуэм дуней псор кІэлъыплъу щытащ шахматымкІэ дунейпсо чемпионатэм. Абыхэм я деж уэвыпІэ щхьэхуэу щаІыгъыкІар. Карповыр къыздэкІуэкІ совет унагъуэм къыхэкІат, ищІагъ дыдэм къыщежьэри, шахматым и льагапІэм дэкІуэет. ЩхьэтечУ жьпІэмэ, совет жьпхъэм сыт и лъэныкъуэкІи изагъэрт. Каспаровым и Іуэхур нэгъуэщІт: Гарри къызэдикІар ямыщІэу къэхута хуэдэт, къулейхэм хабжэрт, мышынэ-мыукІытэу фэ тетт, лъэпкъ куэдым ялъ щІэт. Аращ а тІум я зэпэщІэтыныгъэр политикэм я зэрыгъэкІуари. АрщхьэкІэ мыбдежи парт, къэрал унафэщІэр щызэтехуэртэкъым: Каспаровым къыдэщІырт а зэманым зэфІэкІышхуэ зиІахэу Алиев Гейдаррэ жагъуэу дигу кьинэжа перестройкэр зи жьІэм щІэту ирагъэкІуэкІа Яковлев Александрэ. Адрейхэр а зэманым «дунейм и чемпион» цІэр зезыхьэм къыдэщІырт».

1984-1985 гъэхэм ящэу Москва щызэздэжгъащ ягъэува хабзэщІэм тету: текІуауэ я къалъытэнур кабззу текІуэныгъэх къэзыхьырт, зэрытемыгъакІуэу иухахэр хабжэртэкъым. ТІури тхьэусыхэрт: Карповым жиІэрт езым и кІуэгъуэхэм деж загъэпсчэгІуэрэ, загъэІэзэлъауэрэ, зыгуэрхэр зэран къыхуэхъуну. Каспаровым иужькІэ фІэгъэнапІэ ищІыр нэгъуэщІт: «Си гупыр зыщІэса «Урысей» хъэщІэщым къыщыткІэщІэдэІуэрт. Си тренерхэм ящІыщ зым си ныкъуэхъуэгъуэхэм бзэгу яхуихьырт».

Езы зэІущІэхэр ящІыщкІэ ткІийуэ щытакъым. Джэгугъуибгъум я ужькІэ Карповыр текІуэрт 4:0-у. ИтІанэ 27-нэ джэгугъуэм нэсыху зэпэщІэтхэр зэрытегъэкІуакъым, ауэ иужькІэ бжьыгъэр 5:0 хъуащ. Чемпионыр текІуэным къэзгэжар зы пІэбжьуэ закъуэт. 32-нэ джэгугъуэр Каспаровым къыхьхуащ. «ЩІы зэдэщхьыным» и лъэхъэнэм щІидзэжащ: зэрытемыгъакІуэурэ екІуэкІащ зыкъомрэ. ИтІанэ 47-нэ, 48-нэ джэгугъуэхэр Гарри къыхьхуащ. Абы иужькІэ къэхъуащ къызыхэкІар иджыри къэс зэІуныбгъэ Іуэху.

ФИДЕ-м и президент Кампоманес Флоренсио Москва къакІуэри, 1985 гъэм мазаем и 15-м «Спорт» хъэщІэщым щригъэкІуэкІа пресс-конференцым щыжиІащ «тІум язри текІуауэ къамылъытэу джэгур зэрагъэувыІэр». Абы тегъэщІапІэ ищІащ щІалитІри зэрезэшар. 5:3 бжьыгъэхэми къару ямылэжу ягъэуващ.

Абы лъандэрэ Каспаровым къелъытэ Советхэм къахуэфІ Кампоманес лъэрымыхь хъуа Карповыр къригъэплауэ. Мыгъуэр зимыгъуа Кампоманес Карповми и бий кІэрыфыбгъуІ хъуащ: абы кІыльытэрт текІуэныгъэр ІэщІахауэ.

АрщхьэкІэ я зэпэщІэтыныгъэр абдеж щыухакьым. 1985 гъэм Каспаровыр 13:11-у (хабзэжьым тету зэдэджэгуащ) текІуащ. КІыкІэлъыкІуэ илъэсым Лондонрэ Ленинградрэ щекІуэкІа матч-реваншри 12,5:11,5-у ихуащ. 1987 гъэм Гарри Севилье къалэм езым и чемпионыгъэр щихьумжащ. Карповри хуэмыхуакъым: дунейпсо чемпионатхэм я ухуэкІэр яхьэужа иужь, ар 1993, 1996, 1998 гъэхэм ФИДЕ-м и дунейпсо чемпион хъуащ.

ТкІийуэ зэпэщІэтами, Карповымрэ Каспаровымрэ зэи зэбгяжьыи, псалъэм и хьэтыркІэ, Капабланкэрэ Алёхиныбгъэ хуэдэу. Я сэбэп зыхэлъхэр щызэтехуэжэм деж, уеблэмэ, зэрыубыдыт. Дигу къэдгъэкІыжынти, а тІур зэгухьэу, Илюмжинов Кирсан ФИДЕ-м и президент къулыкъум трагъэкІыну зэрыхэтар. ЧемпионитІри ахъшэм ехьэлІа къаугъэхэм хэпщІауэ щытыкъым. Абыхэм ящІыщ зым и зэранкІэ Каспаровыр шахмат зэпеуэхэм хагъэкІауэ щытащ 2017 гъэм и жэпуэгъуэр къэсыху. Иджы агрэгъу утыку къьохьж...

Я политикэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм зэрызихъуэжа щыІэкъым. Карповыр, нэхъапэми хуэдэу, «властым и цІыхуэщ»: «Урысей зэкъуэт» партым и цІэкІэ Къэрал Думэм и депутатщ. Каспаровыр оппозицэм щыІэщ. «Мыарзэшхэм я пэкІум» зэрыхэтам папщІэ, уеблэмэ, пІалъэ кІэщІкІэ лъэхъуэщым исауэ щытащ. Абы щыгъуэм Анатолий Гарри и деж кІуащ мызэшын папщІэ шахмат журнал хуихьри. Зэгуэр зэпэщІэтауи пщІэжьнкъым...

Топджэгу нэсым иджыщ щыщІидзэр

Блыщхьэм щІидзащ футболымкІэ XXI дунейпсо чемпионатым и гуп зэпеуэм и кІэуэ зэІущІэхэр. Ахэр хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиІэхэщ икІи тоджэгу нэсыр щызэхаублар иджыуэ жьпІэ хъунущ - дэтхэнэ зы топми, очкоми, уеблэмэ къыхуащІа дагъуэми елъытауэ щытыфынущ командэхэм адэкІэ я Іуэхур зэрыхъунур.

ЯПЭУ утыку къьхьащ «А» гупым щыджэгухэр. Урысей Федерацэмрэ Уругваймрэ я къалэнхэр пасэу зэрагъэзэщІам къыхэкІыу, абыхэм къахуэнэжыр пашэныгъэр зыубыдынур зэхагъэкІыныкьт. Зы лъэныкъуэкІэ, абыи мыхьэнэщхуэу имыІэу къыпщыхьурт. Къапщтэмэ, сыткІэ зэщхьэщыкІрэ Европэм и иджыпстурэй чемпион Португалиемрэ дунеймрэ ди континентымрэ зэщхьэхъ пІэщІу зэрыщІэрэ куэд мыщІа Испаниемрэ ящІыщу хэт упэщІэхуэми. Апхуэдэ Іуэхуэгъуэрат Урысей Федерацэмрэ Уругваймрэ кІэуэ гуп зэІуущІэм щагъэбелджылыпхъэр. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, ящэ увыпІэр къэзыхьым Португалиер къыльысынут, етІуанэ хъум Испаниер къыпэщІэувэнут. Тхьэм сыхимыгъадэ, жьхуиІэрат. Абы щыгъуэми дунейпсо чемпионатхэм щІыку мелардхэр кІэльоплъ икІи дэтхэнэ командэри, футболистри хущІокъу фЫы дыдэу зыкъыщагъэхъуну.

ПэщІэдзэ зэІущІитІым, дызэрыщымыгугъауэ, фІыуэ зыкъыщыхьыгъэлъэгъуэ Урысей Федерацэм и футболистхэм Уругваймрэ зэрыдэджэгу щыкІэмкІэ наІуэ къыштащІын хуейт Африкэмрэ Азиемрэ я командэ нэхъыфІхэм къыщынэмыщІауэ, Америкэ Илпщэм щытепщэхэми зэрыпэлъэщыфрынур. Абы щхьэкІэ ящэщыкІэ Уругваймрэ ефІэкІыпхъэт.

Джэгум и щІэдзэкІэм къигъэлъэгъуащ, иджыри къэс Урысей Федерацэм и командэ къэхъхэм хьэрхуэрэгъу нэс зэриМыІар. Уругваймрэ елъытауэ, Сауд Хьэрыпри Мысырри къызэрыгуэкІ дыдэу къыпщыхьурт. Америкэ Илпщэм къикІахэм тепщэныгъэр губгъуэм занщІэу щаубыдащ икІи дакъикьипщІ дэкІауэ арат Суарес Луис бжьыгъэр къыщыщІэуихам. Ар штрафной щеуэм ди гъуащхьэтетым ихъумэн хуея лъэныкъуэмкІэ тригъэпсащ, ауэ Акинфеевыр абы пэлъэщакъым.

Куэд дэмыкІыу етІуанэ щІэщхъэурэ Урысей Федерацэм и футболистхэм къащыщІащ. Уругваймрэ я гъущхьауэхэм ящыщ зыр зэуа топыр Черышевым техуэщ, здэкІуэ лъэныкъуэр ихъуэжри, гъуэм дыхьащ - 0:2. Абы и пэкІэ а Черышев дыдэм Іэмал гъуэзэдж иІат бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжьну, арщхьэкІэ Уругваймрэ я гъущхьэтетым ебэзэджкІыфакъым.

Ящэ Іыхьэм и ныкъуэр щыуухьи ирихьэлІэу наІуэ хъуащ текІуэныгъэр зыІэрыхьэнэр зэтми. Дыдейхэм ядэплъагъуэртэкъым Іуэхум зэрыхэлІыфІыхьын зэфІэкІ. А псом ищІыпхъэ 36-нэ дакъикъэм ахэр зы щІыхуэкІэ нэхъ мащІэ хъуащ - ди гъущхьэхъумэхэм ящІыщу ящэу дунейпсо чемпионатхэм щыджэгу Смольников Игорь етІуанэу дагъуэ щхьэхуащІри, джэгум къыхахъуащ. АдэкІэ узыщІигугъыжьын щыІэтэкъым.

Загъэпсэхуу кхьхьэжа иужькІэ зэпэщІэтыныгъэр нэхъ зэхуэдэ хъуащ. Уругваймрэ текІуэныгъэм пэгъунэгъути, адэкІэ гугъу зригъэхьыщІэну хуейтэкъым, къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэхэм и къарур хуиХьумэу. Дыдейхэмри я зэфІэкІыр жьжьэ нэстэкъым. ЗэІуущІэм и кІэух дыдэращ ди хьэрхуэрэгъуэхэм аргуэру зыкъыщІэзэкъуахар икІи Кавани бжьыгъэр 3:0-м щыниГъэсар.

Апхуэдэ щыкІэкІэ, Уругваймрэ ящэ увыпІэр Іыысащ, Урысей Федерацэр етІуанэхъурт. Америкэ Илпщэм къикІахэм тепщэныгъэр губгъуэм занщІэу щаубыдащ икІи дакъикьипщІ дэкІауэ арат Суарес Луис бжьыгъэр къыщыщІэуихам. Ар штрафной щеуэм ди гъуащхьэтетым ихъумэн хуея лъэныкъуэмкІэ тригъэпсащ, ауэ Акинфеевыр абы пэлъэщакъым.

Куэд дэмыкІыу етІуанэ щІэщхъэурэ Урысей Федерацэм и футболистхэм къащыщІащ. Уругваймрэ я гъущхьауэхэм ящыщ зыр зэуа топыр Черышевым техуэщ, здэкІуэ лъэныкъуэр ихъуэжри, гъуэм дыхьащ - 0:2. Абы и пэкІэ а Черышев дыдэм Іэмал гъуэзэдж иІат бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжьну, арщхьэкІэ Уругваймрэ я гъущхьэтетым ебэзэджкІыфакъым.

Ящэ Іыхьэм и ныкъуэр щыуухьи ирихьэлІэу наІуэ хъуащ текІуэныгъэр зыІэрыхьэнэр зэтми. Дыдейхэм ядэплъагъуэртэкъым Іуэхум зэрыхэлІыфІыхьын зэфІэкІ. А псом ищІыпхъэ 36-нэ дакъикъэм ахэр зы щІыхуэкІэ нэхъ мащІэ хъуащ - ди гъущхьэхъумэхэм ящІыщу ящэу дунейпсо чемпионатхэм щыджэгу Смольников Игорь етІуанэу дагъуэ щхьэхуащІри, джэгум къыхахъуащ. АдэкІэ узыщІигугъыжьын щыІэтэкъым.

Загъэпсэхуу кхьхьэжа иужькІэ зэпэщІэтыныгъэр нэхъ зэхуэдэ хъуащ. Уругваймрэ текІуэныгъэм пэгъунэгъути, адэкІэ гугъу зригъэхьыщІэну хуейтэкъым, къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэхэм и къарур хуиХьумэу. Дыдейхэми я зэфІэкІыр жьжьэ нэстэкъым. ЗэІуущІэм и кІэух дыдэращ ди хьэрхуэрэгъуэхэм аргуэру зыкъыщІэзэкъуахар икІи Кавани бжьыгъэр 3:0-м щыниГъэсар.

Апхуэдэ щыкІэкІэ, Уругваймрэ ящэ увыпІэр Іыысащ, Урысей Федерацэр етІуанэ нэм къекІуэтэхащ. СыхьэтитІ дэкІри утыку къьхьащ финалым и 1/8-нэ Іыхьэм зэхрэуэрэгъу къыщытхуэхъунухэр.

ИкІэм-икІэжьым, псори зэрыхуагъэфэщам техуащ, ауэ сыт хуэдиз хьэлэ-мэтагъ Іуэхум хэлъа?! Португалие - Иран, Испание - Марокко зэІущІэхэм иужь дыдэ дакъикъэхэращ щызэхэкІар хэт и Іуэхур дапхуэдэу хъунуми. Джэгум и кІыхьагъкІэ ящэ ита португалхэм кІэуэхым топ къыхудагъэкІыжащ 1-1. Уеблэмэ текІуэныгъэр фІахьыкьыми зымащІэ дыдащ иІэжар. Абы щыгъуэми, Европэм и чемпионхэм я пашэ Роналду Криштиану метр пщыкІуэзым и деж щыту нэхъапэІуэкІэ топыр хуэдэгъэкІакъым, зэІущІэм ыхьахъунуи кьилэжьат и хьэрхуэрэгъум зэреІэдэкъэуам къыхэкІыу.

Испаниеми джэгум и кІыхьагъкІэ фІахьэхуурэ екІуэкІащ. 90-нэ дакъикъэращ абы бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжу (2:2) зыхэт гупым бжьыпэр щыщиубыдар.

Иджы мэкъуауэгъуэм и 30-м Сочэ и «Фышт» стадионым Уругваймрэ Португалиемрэ щызэздэджэгунущ. КъыкІэлъыкІуэ мазаем Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар «Лужники»-м щызэІущІэнущ Испаниер иригъэкІуэтэкІыу, финалым и Іыхьэ пЛанэм кІуэну.

КъыкІэлъыкІуэ гъубж мазаем щыкІуэ яфІэхьэлэмэтт Аргентинэм и Іуэхур зэрыхъунур. Хорватием и командэ къыхэхам бжьыгъэшхуэкІэ къыхигъащІа ижькІэ, абы и тренер нэхъыщІхьэр лъэныкъуэ ирагъэзри, ящэ футболистхэм ящэ ІэщІалъхьащ. Ар сэбэп къахуэхъуну къэзыльытахэр щыуакъым - Аргентинэр Нигерием 2:1-уэ текІуэри, финалым и 1/8-нэ Іыхьэм кІуащ. Абы и пашэ Месси Лионелщ бжьыгъэр къызэІузыхар. Аргентинэм хуабжьу сэбэп къыхэхъуащ хорватхэр я бжьыгъэ дыдэмкІэ Исландием зэрефІэкІар.

«С» гупым Франджымрэ Данием кІэух джэгуГъуэм гугъу зыщІагъэхьащ. Данием и командэкэр. Абыхэм щытекІуэхэр финалым и Іыхьэ пЛанэм кІуэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

«А» гупым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм къриКІуар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. Уругвай	3	3	0	0	5-0	9
2. Урысей Федерацэ	3	2	0	1	8-4	6
3. Сауд Хьэрып	3	1	0	2	2-7	3
4. Мысыр	3	0	0	3	2-6	0

● Португалие

Лиссабон (Португалие) и къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ километр 30-кІэ пэжыжьэу щыІэщ Синтрэ - епщыкІутхуанэ - етІощІанэ лІэщІыгъуэхэм Португалием я пащтыхьхэм я гъэмахуэ хэщІапІэу щытар. Мыр зи дахагъэр пхужьмыІэным хуэдиз уардэ уиІэ зыбжанэу зэхэтщ. ЮНЕСКО-м Синтрэ щІынальэр «цІыхубэм я фІыгъуэу» игъэуващ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Мэкъуаугъуэм и 26-м дунейм ехьажащ Мэлбахъуэ Т.Къу. и цІэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэм илъэс 38-м щІигъукІэ щылэжьа **Черстковэ Наталье Филипп и пхъур**.

А цІыху хьэлэмэтыр, лажьакІуэ гъуэзэджэр зэрытхэмытыжыр щынхабзэм и Іэнатіэм пэрыт псоми ди дежкІэ хэщІыныгъэшхуэщ.

Зыпэрыта Іэнатіэ мытынщыр и къарум емыблэжу езыхьэкІа, щІыхь дамыгъэ куэд зыхуагъэфэща Черстковэ Наталье Филипп и пхъум и Іыхьлъхьэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокьуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжьакъэрэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъуэнэныкъэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьэкІэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1ощ1эн Заирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэуэфокъуэ Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.901 ● Заказ №639